



Mesaj espesyal AKA nan okazyon lansman Mwa lang ak kilti kreyòl

1^e oktòb 2020

Pami misyon lalwa bay Akademi Kreyòl Ayisyen (AKA), nou jwenn de (2) ki fondamantal: **Kore devlopman lang kreyòl Ayisyen an epi fè Pwomosyon Dwa lengwistik pou tout Ayisyen.** Misyon sa yo mande pou AKA konsidere tout dimansyon lang nan: sou plan sosyolengwistik, sou plan sosyokiltirèl dapre jan Ayisyen viv nan lang li, san fòs kote. Konsa, dimansyon kiltirèl yon lang, se yon dimansyon ki enpòtan anpil, lè nou konsidere lang yon pèp se premye eleman idantite kiltirèl li.

Se nan sans sa a, pou ane 2020 an, nan okazyon selebrasyon mwa lang ak kilti kreyòl la, Akademi Kreyòl Ayisyen chwazi yon tèm ki pou marye lang nan ak kilti li. Tèm ane a se :

« *Lang Kreyòl la se gadyen Eritaj Kiltirèl nou !* ».

Li enpòtan pou nou raple depi 1983, 28 oktòb se dat tout kominote kreyòlofòn sou latè mete yo dakò pou selebre Jounen entènasyonal lang kreyòl. An Ayiti, AKA konsakre tout mwa oktòb la pou li selebre lang ak kilti kreyòl. Se toujou moman rejwisans men tou se moman refleksyon sou sitiyasyon sosyolengwistik peyi a. Selebrasyon sila parèt sou diferan fòm: konferans, deba, kòlòk, kozri, echanj, piblikasyon, festivite, animasyon kiltirèl, prezantasyon ak pwomosyon tèks tout kalite: (teyat, woman, pwezi, chan, komedi, elatriye). Nan Akademi Kreyòl Ayisyen selebrasyon sa a se evènman enpòtan, kote li pwofite vizite plizyè kote pou selebre epi fete bèl eritaj kiltirèl sa a ak popilasyon an. Akademi an rekonèt lang kreyòl la ap pran plas li nan sosyete a, sitou lè nou konsidere kalite ak kantite pwodiksyon ki soti nan pratik popilasyon an. Men se vre AKA rekonèt lang kreyòl la poko chita kòm lang ofisyèl peyi a nan twa pouvwa Leta yo, nan enstitisyon yo ak nan sektè sosyopwofesyonèl yo.

Akademi Kreyòl Ayisyen ap fè tout moun konnen lang yon pèp, se pa sèlman yon zouti kominikasyon ; lang lan se tout yon sistèm panse k ap aji sou jan nou viv lavi nou, ak nan devlopman nou kòm pèp. Se pou sa, li enpòtan pou nou rekonèt lang nan gen anpil valè, pou nou itilize li nan tout domèn, pou nou pran konesans epi simaye konesans, san li pa depaman ak realite sosyal nou kòm nasyon, ni ak realite kiltirèl nou kòm pèp.

A kote travay revizyon ak estandadizasyon òtograf lang kreyòl la ki ap rapousuiv, Akademi Kreyòl ap travay pou li mete nan kouti plizyè zouti referans pou lang kreyòl ayisyen an : yon Gramè jeneral ak yon Gran diksyonè monoleng kreyòl - kreyòl. Akademi an ap reflechi depi ane pase, sou yon ansanm diksyonè tèminoloji pou ankouraje epi amelyore travay sosyopwofesyonèl yo nan peyi a. Li deja lanse yon diksyonè tèminoloji jiridik nan Pwogram Envestisman Piblik Ministè Planifikasyon pou ane 2020-2021 an.

Akademi Kreyòl Ayisyen ankouraje tout Ayisyen, tout enstitisyon nan peyi a pou yo pwofite mwa lang lang kreyòl la pou yo rantre nan wonn selebrasyon an, pandan yo ap pwodui tout dokiman yo nan lang kreyòl. Akademi an mande tout medya yo ak rezo sosyal, legliz yo, pou yo fè piblikasyon an kreyòl pandan tout mwa oktòb la.

Nan okazyon selebrasyon Lang ak kilti kreyòl la, Akademi an, envite tout popilasyon an, tout enstitisyon peyi a, mete ansanm pou yo selebre lang yo, lang eritaj kiltirèl yo. Akademi Kreyòl Ayisyen envite otorite yo nan peyi a pou yo leve flanbo lang kreyòl la byen wo, pou tout Ayisyen gen plis fyète, paske yo gen yon lang ki rich, yon lang ki bèl, yon lang konplè ki tradui lavi yo nan tout dimansyon lang lan.

Konsèy Akademisyen Lang kreyòl Ayisyen an, mete ansanm pou nou di popilasyon an :

Viv Ayiti ! Viv lang ak kilti pèp ayisyen an ! Viv lang ak kilti kreyòl!

Mèsi anpil!